

# ETA Massachusetts

---

## DEPATMAN SÈVIS PIBLIK

D.P.U. 21-50

28 Desanm 2022

Avi pou sondaj Depatman Sèvis Piblik (DPU) la sou pwòp inisyativ pa li sou pwosedi pou amelyore sansibilizasyon ak patisipasyon piblik la nan aktivite li yo.

---

ÒDONANS ENTÈLOKITWA AK EBOCH PWOJÈ POLITIK  
SOU AMELYORASYON SANSIBILIZASYON AK PATISIPASYON  
PIBLIK LA

## I. ENTWODIKSYON

Nan dat 16 avril 2021, Depatman Sèvis Piblik yo (“Depatman”) te pibliye yon Vòt ak Òdonans ki louvri sondaj sa a sou amelyorasyon pwosedi ki pou fèt nan egzijans nou yo nan zafè avi piblik nou yo pou ogmante konsyantizasyon piblik la ak patisipasyon yo nan travay Depatman an. Nan Vòt ak òdonans la, Depatman an te mande kòmantè sou kesyon ki fèt pou ede nou nan pwochen etap yo nan pwosedi sa a. Depatman an te resevwa kòmantè nan men: (1) Pwokirè Jeneral Commonwealth Massachusetts (“Pwokirè Jeneral”); (2) Depatman Resous Enèjetik nan Massachusetts (“DOER”); (3) Vil Boston; (4) Otorite Lojman nan Boston; (5) Climable.org; (6) Pipe Line Awareness Network for the Northeast, Inc. (“PLAN”); (7) Rezo Aksyon Klimatik nan Massachusetts (“MCAN”); (8) Konpayi distribisyon konjwen yo;<sup>1</sup> (9) Fon Ladefans pou Anviwònman (“EDF”); (10) Vil Hopkinton; (11) Fondasyon pou Dwa Konsèvasyon (“CLF”); (12) PowerOptions; (13) Sant Nasyonal Dwa Konsomatè yo (“NCLC”); (14) Gas Leaks Allies; (15) Browning the Green Space; (16) Betsy Sowers manm gwoupman rezidan yo nan Fore River Kont Estasyon Konpresyon an; (17) Andrea Honore; (18) Rosalind Nadeau, Manm Konsèy Sustainable Marblehead ak Trezorye HealthLink, Inc.; epi (19) plizyè òganizasyon enterè piblik ak moun ki enterese

---

<sup>1</sup> Konpayi distribisyon sa yo te soumèt kòmantè yo ansanm: Boston Gas Company, Massachusetts Electric Company, ak Nantucket Electric, chak antite k ap fè biznis kòm etan National Grid; NSTAR Electric Company, NSTAR Gas Company, ak Eversource Gas Company nan Massachusetts, chak antite k ap fè biznis kòm etan Eversource Energy; Liberty Utilities (New England Gas Company) Corp. antite k ap fè biznis kòm etan Liberty; The Berkshire Gas Company; ak Fitchburg Gas ak Electric Light Company antite k ap fè biznis kòm etan Unitil.

ansanm.<sup>2</sup> Nan dat 25 me 2022, konpayi distribisyon yo te depoze repons yo pou kesyon siplemantè Depatman an. Apre li fin revize kòmantè yo, Depatman an te anonse ke li pral fè yon sesyon tablewonn vityèl ant prensipal pati prenan yo (“tablewonn”) an kowòdinasyon avèk Komisyon Konsèy pou Enstalasyon Enèjetik (“EFSB”) sou kesyon angajman piblik la ki konsène alafwa Depatman an ak EFSB.<sup>3</sup> D.P.U. 21-50, Memorandòm Ofisyè Odyans lan ki anonse tablowonn nan (19 jiyè 2022).

Depatman an te òganize tablewonn avèk EFSB nan dat 25 out 2022. Reprizantan ki soti nan plizyè antite te patisipe nan tablewonn lan, tankou sa ki annapre yo: (1) Vil Hopkinton; (2) Vil Needham; (3) Vil Springfield; (4) GreenRoots, Inc.; (5) Pwokirè Jeneral; (6) EDF; (7) Metropolitan Area Planning

---

2 Moun sa yo te soumèt kòmantè konjwen yo: (1) Priya Gandbhir, Avoka Anplwaye, CLF; (2) Deb Pasternak, Direktris Eta, Sierra Club Massachusetts; (3) Audrey Schulman, Ko-Direktris Egzekitiv, HEET; (4) Roseann Bongiovanni, Direktris Egzekitiv, GreenRoots, Inc.; (5) G. Lee Humphrey, Gas Leaks Allies; (6) Claire Miller, Direktè Devlopman, Unitarian Universalist Mass Action.; (7) Karry Muzzey, Ko-Prezidan, Take Back The Grid; (8) Sofia Owen, Avoka Anplwaye ak Direktris Sèvis legal nan Jistis Anviwònmanal, Altènativ pou Kominote ak Anviwònman; (9) Alan Ransil, PhD, Sunrise Boston; (10) Sabrina Davis, Òganizatis prensipal, Kowalisyon pou Jistis Sosyal; (11) Kyle Murray, Defansè Prensipal Politik yo – Massachusetts, Acadia Center; (12) Cathy Kristofferson, Sekretè, PLAN; (13) Adele Franks, Manm Komite Direktè, Climate Action Now, Western Mass; ak (14) Steven Marantz, Manm, Longmeadow Select Board.

3 Nan dat 30 jen 2021, EFSB te louvri pwòp sesyon pa l pou egzamine amelyorasyon pwosedi ki pou fèt nan egzijans yo nan zafè avi piblik li yo pou ogmante konsyantizasyon piblik la ak patisipasyon li nan pwosedi EFSB yo, sa ki gen ladan zafè ki gen rapò ak sit ki anba jiridiksyon Depatman an. EFSB21-01. Menm lè Depatman an ak EFSB gen menm egzijans nan zafè avi piblik, chak ajans gen pwòp pwosedi ak pratik yo ki diferan epi separe. Kidonk, Depatman an ak EFSB pral pibliye politik separe pou sansibilizasyon piblik ak patisipasyon ki reponn avèk bezwen chak antite.

Konsèy; (8) CLF; (9) Acadia Center; (10) NCLC; (11) NSTAR Electric Company, NSTAR Gas Company, ak Eversource Gas Company nan Massachusetts, chak antite k ap fè biznis kòm etan Eversource Energy; (12) Boston Gas Company, Massachusetts Electric Company, ak Nantucket Electric Company chak antite k ap fè biznis kòm etan National Grid; (13) Otorite Lojman nan Boston; (14) Asosyasyon Massachusetts pou Aksyon Kominotè (sa vle di, MassCAP); (15) DOER; epi (16) Gwoup Rezidan nan Boston. Apre tablewonn lan, Depatman an te mande plis kòmantè sou kesyon yo ki te diskite nan tablewonn lan e li te resevwa kòmantè nan men antite sa yo: (1) Pwokirè Jeneral; (2) PLAN; (3) konpayi distribisyon konjwent; (4) CLF; (5) plizyè òganizasyon enterè piblik ak moun ki enterese konjwentman;<sup>4</sup> (6) MCAN; (7) Vote Solar; and (8) Erika Kohl nan Komite Enèji Pwòp ak Dirabilite Vil Westford.

## II. AKSYON DEPATMAN AN

Pandan tout pwosesis sa a, Depatman an te eksplòre pis pou ogmante alafwa vizibilite avi piblik nou yo ak patisipasyon piblik ak prensipal pati prenan yo nan pwosedi nou yo.

Pouswit pi bon vilgarizasyon ak yon meyè edikasyon e ki gen plis sans kote ap

---

<sup>4</sup> Moun sa yo te soumèt kòmantè konjwen yo: (1) Jon Yakie, responsab Jistis Anviwònmanal ak Sansibilization, Acadia Center; (2) Kyle Murray, Defansè prensipal Politik yo – Massachusetts, Acadia Center; (3) Gwoup Rezidan nan Boston; (4) Paulina Casasola, Oganizatis Jistis Klima, Clean Water Action; (5) Sabrina Davis, Òganizatè dirijan, Kowalisyon pou Jistis Sosyal; (6) Priya Gandbhir, Avoka Anplwaye, CLF; (7) Staci Rubin, Vis Prezidan, Jistis Anviwònmanal, CLF; (8) Alice Arena, Prezidan, Rezidan Fore River Kont Estasyon Konpresyon an; (9) Jollette Westbrook, Direktris ak Avoka Prensipal, Solisyon Reglemantè Ekitab, EDF; (10) Larry Chretien, Direktè Egzekitif, Green Energy Consumers Alliance; (11) John Walkey, Direktè Inisyativ Jistis Klimatik ak Bò lanmè, GreenRoots, Inc.; ak (12) Cathy Kristofferson, Ko-fondatris PLAN.

ap toujou gen plas pou amelyorasyon, epi nou dwe jwenn yon ekilib ant pwosesis sa a ak obligasyon pèmanan nou pou mennen pwosedi rapid epi administrativman efikas. Pandan ke Depatman an ap kontinye efò li pou amelyore angajman piblik la, li enpòtan pou fè remake ke Depatman an te deja amelyore aksè nan pwosedi nou yo ak avi piblik yo pou rann resous sa yo pi fasil pou itilize atravè aksyon sa yo:

- Konfòmeman avèk Politik Jistis Anviwònmantal ("EJ Policy") Biwo Egzekitif pou Enèji ak Zafè Anviwònman yo ("EEA")<sup>5</sup> ak Chapit 8 nan Lwa 2021 yo, Yon Lwa k ap kreye yon fèy dewout nouvèl jenerasyon pou politik klimatik nan Massachusetts, Depatman an te devlope yon Estrateji Jistis Anviwònmantal espesifik pou ajans ki aktyèlman ap revize pa EEA, ajans prensipal nou an. Estrateji sa a fèt pou amelyore patisipasyon siyifikatif tout moun ak tout kominote yo ki konsène pa devlopman, mizanplas ak aplikasyon, lwa, règlemantasyon ak politik anviwònmantal yo, sa ki gen ladan politik chanjman klimatik, ak repatisyon ekitab benefis ak chaj nan zafè enèji ak anviwònman an. Nan kad pwosesis sa a, Depatman an ap evalye metòd pou ankouraje plis patisipasyon piblik ak prensipal pati prenan yo nan pwosedi nou yo. Aktyèlman, Depatman an jeneralman egzije piblikasyon avi pwosedi yo sou sitwèb Depatman an, sou sit entènèt konpayi ki nan jiridiksyon an, ak nan jounal.<sup>6</sup> Nan mezi sa posib, Estrateji Jistis Anviwònmantal Depatman an ap fè efò pou amelyore sansibilizasyon ak patisipasyon kominote a nan egzije piblikasyon Avi sou Envestigasyon, Demann pou Kòmantè, ak lòt avi piblik ki gen rapò, espesyalman pou mezi regilasyon kote li posib pou gen enpak enpòtan sou popilasyon jistis anviwònmantal la, atravè platfòm adisyonèl.
- Rekonèt enpòtans pou asire ke moun ki gen konpetans limite nan angle gen menm opòtinite pou patisipe nan pwosedi Depatman an menm jan

---

5 EEA, Politik anviwònmantal Biwo Egzekitif enèji ak zafè anviwònmantal (EEA, *Environmental Justice Policy of the Executive Office of Energy and Environmental Affairs* (2021)) disponib nan <https://www.mass.gov/doc/environmental-justice-policy6242021-update/download>

6 Anplis de sa, Depatman an ka mande tou pou yo voye avi yo pa lapòs bay kliyan (pa egzanp, kliyan sezonye konpayi dlo) ak/oswa gwoup espesifik antite ki kapab afekte yo (egzanp, founisè ak komèsan ki nan konkirans yo) nan kèk kalite ka. Epitou, nan kèk ka ki afekte kominote espesifik yo, Depatman an egzije pou gen sèvis pou avize prensipal pati prenan yo epi responsab lokal yo, epi, nan zafè Depatman ki gen rapò ak sit yo,

menm jan avèk sila yo ki metrize anglè. Depatman an te bay sèvis entèpretasyon nan odyans piblik an pèsòn ak nan odyans piblik adistans. Men sa yo enkli pwosedi sa a ak sa ki annapre yo: Bay State Gas Company, D.P.U. 19-140/D.P.U. 19-141, 29 janvye 2020 ak 10 fevriye 2020 Odyans Piblik; Petisyon Konjwen Eversource Energy, NiSource Inc., Eversource Gas Company nan Massachusetts, ak Bay State Gas Company pou apwobasyon Depatman Sèvis Piblik pou (1) vant Bay State Gas Company bay Eversource Energy; epi (2) yon akò antant ki rezoud pwopozisyon vant ak de investigasyon Depatman an ki te annatant sou Ensidan Merrimack Valley a, D.P.U. 20-59, Odyans Piblik 25 Out 2020 ak 27 Out 2020; Boston Gaz Company, D.P.U. 20-120, 26 janvye 2021 ak 28 janvye 2021 Odyans Piblik; Ankèt sou wòl konpayi distribisyon gaz lokal yo nan reyalizasyon objektif klimatik Commonwealth la pou 2050, D.P.U. 20-80, 3 me 2022 ak 5 me 2022 Odyans Piblik; ak NSTAR Electric Company, D.P.U. 22-22, 29 mas 2022 ak 31 mas 2022 Odyans Piblik. Sèvis entèprèt nan odyans piblik yo egzije pèsònèl Depatman an preparasyon ak kowòdinasyon avèk konpayi distribisyon ki enplike nan pwosedi yo ak konpayi yo ki bay sèvis entèpretasyon. Anplis chwazi lang ki bezwen sèvis entèprèt, an fonksyon kominote ki afekte yo, Depatman an asire tou sèvis entèpretasyon pou lòt lang sou demann.

- Depatman an te egzije tou tradiksyon avi nan diferan lang nonsèlman pou pwosedi sa a men tou pou dosye sa yo: Petisyon Konjwen Eversource Energy, NiSource Inc., Eversource Gas Company nan Massachusetts, ak Bay State Gas Company pou apwobasyon Depatman Sèvis Piblik (1) vant Bay State Gas Company bay Eversource Energy; epi (2) yon akò antant ki rezoud pwopozisyon vant ak de investigasyon Depatman an ki te annatant sou Ensidan Merrimack Valley a, D.P.U. 20-59, Avi Depozisyon ak Odyans Piblik (24 jiyè 2020); Boston Gas Company, D.P.U. 20-120, Avi Depozisyon, Odyans Piblik, ak Konferans Pwosedi (24 Novanm 2020); Ankèt sou wòl konpayi distribisyon gaz lokal yo nan reyalizasyon objektif klimatik Commonwealth la pou 2050, D.P.U. 20-80, Avi Depozisyon ak Odyans Piblik (23 mas 2022); ak NSTAR Electric Company, D.P.U. 22-22, Avi Depozisyon, Odyans Piblik, ak Konferans Pwosedi (28 janvye 2022). Anplis chwazi lang kote yo tradui avi a, dapre kominote ki afekte yo, Depatman an founi tou tradiksyon nan lòt lang sou demann.

---

rivren ak rezidan zòn nan. Finalman, Depatman an egzije anjeneral pou notifikasyon yo fèt sou lis sèvis ki gen rapò ak dosye yo.

- Depatman an te dirije konpayi distribisyon ki sou jiridiksyon nou an pou yo anboche tradiktè pou tradui avi ak bay entèprèt nan odyans piblik nan kad pwosedi ki lye avèk tarif distribisyon debaz yo ansanm ak pwosedi ki afekte dirèkteman kominote jistis anviwònmanal ki gen popilasyon ki gen konpetans limite nan angle, tankou pwosedi regwoupman minisipal ki enplike Fitchburg, Quincy ak Chelsea.
- Depatman an te kreye yon nouvo pòs ki se, Kowòdonatè Aksè ak Piblik la. Lè pòs la okipe (jwenn òf travay la [isit la](#)), Kowòdonatè Aksè ak Piblik la pral chaje pou kowòdone jistis anviwònmanal ak pwoblèm aksè linguistik, sipèvizè aksè nan dosye piblik yo, epi fasilite amelyorasyon estrateji nou pou sansibilizasyon piblik la.
- Depatman an bay anplwaye yo enstriksyon pou yo trete pwoblèm aksè linguistik ak jistis anviwonmanal nan pwosedi yo kote sa apwopriye. N ap travay tou pou amelyore Plan Aksè linguistik nou an.
- Depatman an te modifye pwosedi avi li yo pou mete nan avi li yo yon rezime wo nivo, nan langaj ki klè, nan esplike enfòmasyon teknik yo, eksplike kèk tèm pou yon lektè mwayen ka konprann anje ki enplike nan pwosedi a. Rezime a gen ladan tou enpak sou fakti ki endike kijan pwosedi a gen pou afekte manm piblik la, patikilyèman kliyan ki gen fèb revni.
- Depatman an te kreye paj wèb ki dedye avèk pwosedi ki patikilyèman enpòtan, ki gen ladan dosye sa a (<https://www.mass.gov/resource/enhancing-public-engagement>).
- Nan kad pwosedi sa a, Depatman an te fè yon sondaj sou fason komisyon sèvis piblik lòt eta yo ap abòde kesyon aksè piblik (tankou sa yo ki nan Kalifòni ak Connecticut) epi li te chèche enfòmasyon dirèkteman nan lòt antite (tankou Biwo pou Andikap nan Massachusetts, Biwo Komisyon Federal Regilasyon Enèji pou Patisipasyon Piblik la, ak Sou-komite Asosyasyon Nasyonal Komisè Reglemantasyon Sèvis Piblik pou Konsomatè ak Enterè Piblik) sou eksperyans yo nan zafè aksè piblik. Depatman an pral itilize diskisyon sa yo pou evalye chanjman ki pou pote nan politik avi entèn li yo ak politik sansibilizasyon li yo.
- Epitou, nan kad pwosedi sa a, Depatman an ap mete ajou paj wèb li yo pou ajoute enfòmasyon sou plizyè etap ki nan yon pwosedi Depatman an, sou fason ki pi fasil pou jwenn dokiman ki gen rapò ak pwosesis yo, ak fason pou patisipe nan pwosedi yo. Depatman an espere konplete mizajou sa yo nan ete 2023.

Depatman an ap kontinye egzije sèvis tradiksyon ak entèpretasyon jan sa nesesè pou sèten dosye, selon nati dosye a ak kominote jistis anviwònmantal ki konsène yo. Depatman an pral kontinye travay li tou pou amelyore eleman edikasyonèl sitwèb li a pou amelyore angajman piblik la. Anplis de sa, Depatman an ap kontinye chèche enfòmasyon nan men divès antite pou amelyore konsyantizasyon ak patisipasyon piblik la nan pwosedi nou yo. Depatman an pral kontinye devlope epi amelyore domèn ki mansyone pi wo a pou pèmèt piblik la gen plis aksè ak patisipe lajman nan pwosedi Depatman an.

### III. EBOCH PWOJÈ POLITIK

Nan kad pwosedi sa a, Depatman an ap chèche kòmantè sou ebòch pwojè politik sa a. Depatman an te devlope ebòch pwojè politik pou ekilibre dwa pati yo nan fè yon revizyon efikas pwopozisyon yo sou plan administratif, prensipal pati prenan yo yo ak manm piblik la, ak depans pou fè yon pwosedi. Kòm pri enèji elektrik yo pi elve nan istwa Massachusetts epi kliyan yo ap fè fas avèk ogmantasyon pri enèji ak transpò, Depatman an konsyan sou enpòtans pou byen fè piblik la konprann travay li pandan l ap diminye ogmantasyon pri yo. Nou ankouraje moun ki enterese yo prezante pozisyon konsansis yo epi soumèt kòmantè ansanm, lè sa posib. Apre Depatman an fin revize tout kòmantè yo, nou pral detèmine suit pwosedi yo.

## **Eboch Pwojè Politik**

### 1. Kalite Pwosed

Diferan kalite pwosed yo ta dwe merite diferan nivo piblikasyon ak sansibilizasyon, kèk pwosed dwe gen pi gwo nivo piblikasyon ak difizyon, epi bagay ki gen mwens enpòtan ak woutin ki mande mwens piblikasyon ak difizyon. Anba a, Depatman an tabli kritè pou diferan nivo pwosed yo. Kritè sa yo fèt pou sèvi kòm gid, men Depatman an ap detèmine ka pa ka nan ki nivo chak pwosed sitiye yo.

- Pwosed Nivo 1 yo se gwo pwosed enpòtan (ki ka enkli ka tarif distribisyon gaz oswa elektrisite oswa inisyativ chanjman politik enpòtan) oswa pwosed ki gen gwo enpak jeyografik espesifik sou kominote jistis anviwònmantral la (jan yo idantifye nan enfòmasyon ak kat jeyografik Jistis Anviwònmantral Massachusetts la, <https://www.mass.gov/environmental-justice>) epi yo pral benefisye efò piblikasyon ak sansibilizasyon sa yo: piblikasyon byen vizib sou sit entènèt petisyonè a; afich nan journal; kontakte moun ki enterese ak lis sèvis; voye notifikasyon bay kliyan yo pa imèl; kontakte dirijan minisipal ak kominote yo; ak pòs sou rezo sosyal yo. Anplis de sa, kliyan yo pral resevwa tou yon mesaj sou fòm ankadreman nan fakti yo sou tarif distribisyon debaz ak inisyativ chanjman politik enpòtan yo. Ka sa yo dwe gen avi tradui tou ak sèvis entèpretasyon nan odyans piblik, konfòmman avèk Plan Aksè Lenguistik Depatman an.<sup>7</sup>
- Pwosed Nivo 2 yo pral anglobe majorite pwosed yo, gen ladan yo mezi sou tarif, regleman, ak pwosed ki nesosite odyans piblik (ki ka gen ladan inisyativ chanjman politik Depatman an, pwosed pou fè règleman yo, ak plan previzyon ak pwovizyon), epi yo pral benefisye efò pou piblikasyon ak sansibilizasyon sa yo: piblikasyon byen vizib sou sit entènèt petisyonè a; afich nan journal; kontakte moun ki enterese ak lis sèvis yo.
- Pwosed Nivo 3 yo pral gen ladan pwosed woutin ki pa gen ladann yon odyans piblik (ki ka gen ladann fichye anyèl pou fikse tarif yo (pa egzamp, fichye faktè ajisteman gaz, fichye sèvis debaz yo, fichye aktyalizasyon), fichye sou kalite sèvis, ak fichye enfòmasyon)

---

<sup>7</sup> Pou nenpòt pwosed ki enplike yon popilasyon jistis anviwònmantral ki deziyen kòm sa yo sou baz izolasyon angle (sa vle di, konpetans limite nan angle), Depatman an ka egzije tradiksyon avi ak sèvis entèpretasyon nan odyans piblik la nan lang ki nesèsè yo. Pou nenpòt pwosed ki mande sèvis tradiksyon ak entèpretasyon, pati ki enterese yo ka mande pou yo pran ankant lòt lang.

epi yo pral benefisye efò pou piblikasyon ak sansibilizasyon sa yo: piblikasyon byen vizib sou sit entènèt petisyonè a; afich nan journal; kontakte moun ki nan lis sèvis yo. Kliyan y ap kontinye resevwa pre-avi 30 jou nan ka modifikasyon tarif sèvis debaz yo. Tarifikasyon ak apwovizyonman sèvis pa defo, D.T.E. 99-60-C nan 7 (2000).

Pou pwosedi Nivo 1, Depatman an pral bay enfòmasyon sou sitwèb li sou fason òganizasyon kominotè yo ak lòt pati ki enterese yo ka abòne nan rejis patikilye epi resevwa avi sou pwosedi a. Depatman an pral bay mizajou enfòmasyon regilyèman sou pwosedi sa yo tou sou sitwèb li a. Depatman an ap chèche etabli lyen tou pou pati ki enterese yo resevwa avi sou tout fichye Depatman an oswa kalite fichye oswa kesyon patikilye.

## 2. Plan Sensibilizasyon Petisyonè a

Lè li depoze yon dosye pou l jwenn yon evalyasyon ak apwobasyon Depatman an, petisyonè an dwe mete nan dosye a yon plan sansibilizasyon kominotè ki gen rapò avèk sijè a ak dimansyon jeyografik dosye a epi ki konfòm avèk nivo evalyasyon nivo li koresponn nan egziye. Plan sansibilizasyon an dwe gen ladan yon lis òganizasyon minisipal ak òganizasyon kominotè yo pral bay avi a, bay plan pou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon (ki gen ladann lang ak jistifikasyon pou lang sa yo), epi endike ki etap plan sansibilizasyon an ki deja reyalize.

Petisyonè an dwe travay avèk prensipal pati prenan yo nan kominote ki afekte yo pou devlope plan sansibilizasyon epi detèmine ki platfòm oswa ki kote pou yo itilize pou pibliye avi yo. Petisyonè an dwe kowòdone tou avèk minisipalite ki konsène yo, ki gen ladan administratè minisipal yo nan zafè enèji, chanm komès, ak pwogram aksyon kominotè, pou devlope plan sansibilizasyon epi difize avi a.

Konpayi distribisyon yo, lè sa nesèsè, dwe mete nan fakti yo yon rezime tout kout petisyon an, ki fasil pou konprann avèk gwo ekriti.

Pa pita ke [ADETÈMINE], konpayi distribisyon yo dwe etabli lis distribisyon pa imèl ak tèks pou tout avi yo, avèk dispozisyon pou refize, opsyon espesifik pou kesyon, kote, ak plan pou itilizasyon rezo sosyal.

## IV. SOLISITASYON KÒMANTÈ

Depatman an solisite kòmantè sou nenpòt aspè nan eboch pwojè politik la. Tout kòmantè ekri yo ta dwe depoze nan Depatman an pa pita pase **vandredi 20 janvyè 2023**. Tout

kòmantè yo dwe soumèt bay Depatman an pa yon atachman nan [dpu.efiling@mass.gov](mailto:dpu.efiling@mass.gov), [laurie.e.weisman@mass.gov](mailto:laurie.e.weisman@mass.gov), ak [scott.seigal@mass.gov](mailto:scott.seigal@mass.gov). Tèks ki nan imèl la dwe presize: (1) nimewo dosye pwosedi a (D.P.U. 21-50); (2) non ak enfòmasyon kontak moun oswa konpayi ki soumèt fichye a; epi (3) yon ti tit deskriptif dokiman an. Non fichye elektwonik la dwe idantifye dokiman an men li pa dwe depase 50 karaktè. Sa ki enpòtan, tout gwo dosye yo soumèt yo dwe divize an fichye elektwonik ki pa depase 20 MB. Kòmantè ekri yo pral poste sou sitwèb Depatman an atravè sal dosye nou an sou entènèt la nan <https://eeaonline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber/21-50>. Nan moman sa a, tout dokiman yo pral soumèt sèlman nan fòm elektwonik ki konfòm avèk direktiv Komisyon 15 jen 2021 an ki gen rapò avèk egzijans depozisyon modifiye yo. Nòmalman, tout pati yo ap suiv Seksyon B.1 ak B.4 Règ Debaz Estanda Depatman an (D.P.U. 15-184-A, App. 1 (4 mas 2020)); jiska yon lòt avi, sepandan, pati yo dwe kenbe vèsyon orijinal la sou papye, epi Depatman an ap detèmine pita ki lè yo dwe depoze vèsyon papye a nan Sekretarya Depatman an.


## V. ÒDONANS

An konsekans, apre avi, kòmantè, sesyon tablewonn, ak egzamen apwofondi, li


ÒDONE sa ki vini apre yo: Sekretè Depatman an dwe distribye elektwonikman epi, sou demann, voye pa lapòs òdonans sa a bay lis distribisyon Depatman an pou pwosedi sa a; epi li

ÒDONE ANPLIS: Ke kòmantè ekri sou eboch pwojè politik Depatman an dwe soumèt  
20 janvyè 2023.

Dapre òdonans Depatman an,

  
Matthew H. Nelson, Prezidan

  
Robert E. Hayden, Komisè

  
Cecile M. Fraser, Komisè